# ХЬУЗАФАТАН КІАНТ ІАБДУЛЛАХІ
## (Дела реза хуьлийла цунна)

**«ХIора бусалба стаг хьакъ ву Хьузафат кIентан IабдуллахIан коьрта тIе барт ала, аса айса дIа а доладо иза».** *Iумар бин ХаттIаб.*

**БисмиллахIиррохьманиррохьим**

**Дешхьалхе**

ХIокху вайн дийцаран турпалхо ву асхьабех волу сахIмийн тайпанан Хьузафатан кIант IабдуллахI (Дела реза хуьлийла цунна). Исторехь шена тIе тидам ца боьдуш висина хила а тарло хIара, миллионаш шел хьалха баьхна кхиболу Iарбий санна. Делахь а сийлахьчу Исламо Хьузафат кIентан IабдуллахIан (Дела реза хуьлийла цунна) аьтто бина шен заманчохь дуьненан шина элица: гIажарийн паччахьца Кисраца а, Римерчу императорца Къайсарца а цхьаьнакхета, и бахьанехь - адамийн иэсехь, исторехь даима дехар долу дийцарш дисийта а.

Хьузафат кIентан IабдуллахIан (Дела реза хуьлийла цунна) гIажарийн паччахьца Кисраца къамел хилира хIижратан йолхалгIачу шарахь, Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) шен асхьабийн тоба Ислам дIакхайкхош долу кехаташ эцна кхечу къаьмнийн паччахьаш болчу яхийта сацам бинчу хенахь. Делан Элчанна (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) дукха дика хаьара и гIуллакх сов кхераме дуйла. Геланчаш баха беза меттигаш – цул хьалха кхеран цкъа а шайца барт хилла боцу, самайовлаза ала мегар долуш пачхьалкхаш яра. Оцу мехкийн меттанаш я церан паччахьийн амалш ца евзара царна. Геланчаша уьш кхайкха безара шайн дин дIатасаре а, шайн сийлаллех, паччахьаллех дIакъастаре а, селхана шайна тIаьхьахIиттина леллачу нехан дине бахкаре а.

Баккъалла а, кхераме некъ бара иза, оцу Iалашонца новкъаваьлларг тIепаза ван тарлуш, ткъа цигара дийна вухавеанарг – юха дуьнен тIе ваьлла санна а хеташ. Цундела цхьана дийнахь шен асхьабашна хьалха а хIоьттина, Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) царна хутIба дийшира. АллахIана хастам бина, Цуьнан возалла хьахийна, шахIадат а далийна, цул тIаьхьа цо элира:

– Баккъалла а, суна шух цхьаберш кхечу къаьмнийн паччахьашна тIебахийта лаьа, суна дуьхьало ма е, Исраилан доьзало Марьяман кIантана Iийсана санна.

ТIаккха Делан Элчанан (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) асхьабаша (Дела реза хуьлийла царна) элира:

– Оха, хIай Делан Элча, ахьа боххург кхачо деззаче дIакхачор ду-кха, хьайна луъучу метте дIахьовсаде ахь тхо.

Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) ялх асхьаб къастийра Iарбийн а, къидолчу къаьмнийн а паччахьашна тIе шен кехаташ дIадахьийта. Цу ялханнах цхьаъ Хьузафатан кIант IабдуллахI (Дела реза хуьлийла цунна) вара. Пайхамара (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) иза къастийра гIажарийн паччахьна Кисрана кехат тIедахьа.

Шен хIусамненан, кIентан Iодика а йина, Шеца АллахI воцург кхин цхьа а воцуш, ша кечйинчу эмкалахь гунаш, боьранаш хедош, шен Iалашо кхочушъян вуьйлира Хьузафатан кIант IабдуллахI (Дела реза хуьлийла цунна). ГIажарийн цхьана хIусаме ша кхаьчча, оцу мехкан паччахьна тIекхача шен аьтто бар дийхира цо оцу доьзале. Хьузафатан кIанта IабдуллахIа (Дела реза хуьлийла цунна) паччахьан гIоьнчанашка дIахаийтира, цхьа мехала кехат дохьуш ша веана хилар. ТIаккха Кисрас тIедилларца инзаре хаза кечйира цигара гIала. Шен мажлисе кхайкхира цо гIажарийн тоьлла тхьамданаш. Уьш схьакхаьчначул тIаьхьа IабдуллахIна (Дела реза хуьлийла цунна) шена тIеван пурба делира паччахьо.

Мискачу Iарбичун догцIеналла гойтуш, шена тIоьхула стоммачу кIадин оба юйхина йолчу юткъачу бедарех а хьаьрчина, гIажарийн паччахь а, тхьамданаш а болчу чоьхьавелира Хьузафатан кIант IабдуллахI (Дела реза хуьлийла цунна). Амма иза вара корта айбина, дегI чIагIдина, Ислам-динах ша деш долу дозалла бахьанехь кийра богуш, шен даг чохь дуьззина ийман долуш а. ХIара шена тIеволавелча, гIажарийн паччахьо Кисрас шен ялхойх волчу цхьаьнга IабдуллахIера кехат схьаэца аьлла ишар йича, кхуо элира:

– ХIан-хIа, баккъалла а, Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) хIара кехат хьан кара бен дIа ма ло аьлла соьга. Со Делан Элчанан (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) дош дохор долуш вац.

ТIаккха Кисрас шен ялхошка элира:

– Iадвитал и, схьатIеваийтал иза суна.

Хьузафатан кIант IабдуллахI (Дела реза хуьлийла цунна), Кисрага шегга и кехат дIаэцийтархьама, цунна тIевахара.

Паччахьо аль-Хийра олучу махкара Iарбийн йозанча тIекхайкхира, шена хьалхха и кехат дIа а даржадай, хазуьйттуш, деша аьлла. Кехата тIехь дара: «БисмиллахIиррохьманиррохьим (Къинхетамечу, Ша сов Къинхетаме волчу Делан цIарца), Делан Элчанера Мухьаммадера гIаражийн паччахье Кисрага ду хIара кехат. Делера маршалла хуьлийла нийсонна тIаьхьавозучунна…»

Делан Элчанан (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) оцу тайпана чулацам болу кехат шена деша дIадолор бахьанехь, Кисран кийрахь оьгIазаллин цIе хьалалетира, цуьнан юьхь цIийъелла йогура, лога тIера пхенаш а дусаделира. Йозанчин карара катоьхна и кехат схьа а даьккхина, цу тIехь кхидIа хIун ду а ца хьожуш, цIогIа детташ, и этIо вуьлийра паччахь:

– Ша сан лай воллушехь, соьга хIара саннарг яздо цо?! – бохуш.

Цул тIаьхьа Хьузафатан кIанте IабдуллахIе (Дела реза хуьлийла цунна) шен мажлисера дIавала, элира цо, тIаккха иза цигара ара а ваьккхира.

Хьузафатан кIант IабдуллахI (Дела реза хуьлийла цунна) Кисран мажлисера аравелира, АллахIа шех дендерг хIун ду ца хууш, хьере хилла а волуш… «Вуьйр ву те ша, я дийна вуьтур ву те ша?» – бохуш, ойланаш йора цуо. Амма ша-шега олура цо:

– АллахI-Делора, цхьа а бен ма дац суна, Делан Элчанан (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) кехат дIакхачийчхьана.

Шен эмкална тIе а хиъна, дIавахара иза. ОьгIазлонах ша ваставелча, Хьузафатан кIант IабдуллахI (Дела реза хуьлийла цунна) чувалаве элира Кисрас, амма арахь ца карийра царна шаьш лоьхург. IабдуллахI (Дела реза хуьлийла цунна) лийхира цара, амма цуьнан лар яйнера. Iарбийн махка боьдучу новкъа цунна тIаьхьахьаьлхича, иза шайл хьалха дIавахана карийра царна. Делан Элча (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) волчу ша дIакхаьчча, IабдуллахIа (Дела реза хуьлийла цунна) цунна дийцира Кисрас лелийнарг, цо кехат этIор а цхьаьна. Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна): **«Дала паччахьалла дорийла цуьнан!»** - алар доцург, кхин цхьа а хIума ца элира.

Ткъа Кисрас ша Йемен пачхьалкхана тIехIоттийна волчу шен наибе Базане яздира: «Iарбийн махкахь юкъаваьллачу оцу стагана тIаьхьа ондийчех хьайгара цхьа-ши стаг а вахийтий, и стаг суна схьавалаве», – аьлла. ТIаккха Базана шен уггаре тоьллачех волу ши къонах Делан Элча (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) волчу вахийтира, мелла а сиха цаьршинца

цхьаьна Кисрана тӀевола аьлла, кехат а дахьуьйтуш. Цул сов, цу шинга омра а дира паччахьо, Пайхамарх (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна), цуьнан динах а лаьцна дерг ма-дарра довза а довзий, шаьшшиммо гулбинчу хаамашца шена тӀевола, аьлла.

Мелла а сиха новкъаваьлла дӀавоьду и шиъ ТӀаифе дӀакхечира. Шаьшшиъ къурайшийн совдегаршна тӀекхаьчча, цаьрга Мухьаммадах (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) лаьцна хиттира. Цара иза Ясрибехь (Мадинатахь) ву элира. Кхаьънаш а дохуш, самукъадаьлла болуш, Макка охьабахара совдегарш. Цара, къурайшаш декъал а беш, олура:

– Кхаъ бу шуна, хӀай къурайшаш, баккъалла а, Кисрас Мухьаммаде дов кховди, хӀинца цуьнан вонах хьалхадехи шу.

Ткъа Мадинате охьа ма-кхеччи, и ши къонах Пайхамарна (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) тӀенисвелира. Базанера кехат цуьнга дӀа а делла, царшиммо цуьнга элира:

– Паччахьийн а паччахь волчу Кисрас Базанега шена тӀе хьо схьавалавайта аьлла кехат а яздина, хьо цунна тӀе дӀавига веана тхойшиъ. Хьо дуьхьало а ца еш вагӀахь, Кисрана хьалха охашимма хьуна пайден а долуш, хьо цуьнан вонах Ӏалашвендерг эр ду, нагахь ахь хамталлаш яхь (оха ца дийцича а хаьаш ву-кх хьо), хьо а, хьан къам а хӀаллакдийр ду цуьнан оьгӀазлоно, ницкъо.

Вела а велла, Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) цаьршинга элира:

– Тахана цкъа шаьшшинан эмкалш сецначохь буьйса а яккхий, кхана схьавола ший.

ШолгӀачу дийнахь шаьшшиъ Делан Элчанна (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) тӀевеъча, цаьршиммо хаьттира:

– Тхойшинца Кисрана тӀеван кийча вуй хьо?

ТӀаккха Пайхамара (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) цаьршинга элира:

– Таханчул тӀаьхьа кхин Кисрана тӀекхочур вац шуьшиъ… иштта-иштта чу буса, иштта-иштта чу баттахь шен кӀентан ШийравайхӀан карахула АллахӀа вен ма вийна иза.

Шаьшшинан ши бІаьрг Пайхамаран (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) юьхьа тІе а боьгІна, инзаре цецваьлла цуьнга хьоьжуш, цаьршиммо бохура:

– Айхьа хІун дуьйцу хаьий хьуна?! Охашимма иза Базане яздай?!

Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) элира:

– ХІаъ, язде. Цуьнга аш иштта дІаала, баккъалла а, хІара сан дин Кисран паччхьалкхехь а даьржар долуш хиларх. Нагахь цо ийман диллахь, цуьнан куьйгаллин кІеллахь дерг дерриге а аса цунна дІалур долуш дуйла, цуьнан къомана цунах аса паччахь вийр вуйла а хаийта цуьнга.

Делан Элча (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) волчуьра араваьлла Базан волчу а веана, цуьнга и дІадийцира цу шина стага. ТІаккха Базана элира:

– Нагахь санна Мухьаммада бохург бакъ делахь, иза бакъ пайхамар ву-кх, нагахь санна и иштта дацахь, цуьнан хьокъехь ойла йийр ю вай…

Дукха хан ялале Базанега Шурайхьера кехат деара. Цу тІехь цо бохура: «Ас Кисра вийна, тхешан къомах чІир екхархьама а бен вийна ма вац аса иза. Оцу къоман баьччанаш байар, церан зударий йийсар бар, церан даьхни схьадаккхар а магош вара иза. ХІара кехат хьайга дІа ма-кхеччи, хьайн куьйгаллин кІелахь берш сан омране балабе». ШийравайхІера кехат ша ма-дийшши, Базана иза хьарча а дина, юстах дІакхоьссира, цо ша бусалба дине вогІу аьлла дІакхайкхийра. Иштта Йемен махкахь мел болчу гІажароша а цуьнца Ислам тІеийцира.

*     *     *

Иза дара Хьузафатан кІант ІабдуллахІ (Дела реза хуьлийла цунна) гІажарийн паччахьца Кисраца цхьаьнакхетарх лаьцна долу дийцар.

Хьузафат кІентан ІабдуллахІан (Дела реза хуьлийла цунна) Римерчу императорца Къайсарца цхьаьнакхетарх долу дийцар ду инзаре хаза а, шена тІе тидам боьдуш а. ХаттІабан кІант Іумар (Дела реза хуьлийла цунна) паччахь волчу заманахь хилла иза.

ХІижратан ткъайоьссалгІачу шарахь Хьузафатан кІант ІабдуллахІ коьрте а хІоттийна, римахошца тІом бан эскар хьажийра ХаттІабан кІанта Іумара (Дела реза хуьлийла цаьршинна). Къайсарна хезна хиллера бусалба эскарх лаьцна дуьйцуш, цуьнан декъашхой иманах буьзна, динца йолу

церан ойла тIех чIогIа хиларх, Делан а, Делан Элчанан а (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) некъахь шайн синош кхоор доцуш уьш бу бохуш.

Къайсара шен гIоьнчашка омра дира, нагахь шайна бусалба стаг йийсар лацалахь, цунна хIумма а ца деш, дийна шена тIевалаве, аьлла. Сийлахьчу АллахIна лиъна хилла, Хьузафатан кIант IабдуллахI (Дела реза хуьлийла цунна) йийсар хилла римахойн каравахийта. Цара иза шайн паччахьна тIевигира. Цара элира:

– Баккъалла а, Мухьаммадан асхьабех уггар хьалха цуьнан дине веанарг йийсар хилла тхан каравеана, хIара хьуна валош даьхкина тхо.

Римойн паччахьо, вехха IабдуллахIе хьоьжуш а Iийна, сихха элира:

– Аса цхьа хIума дар тIедуьллу хьуна. Христианийн дин тIеэца, нагахь ахьа и тIеэцахь, некъ маьрша бу хьан, лерамечу метте а воссор ву хьо ас. Йийсархочо дозаллица, шек дIа а ца волуш, элира: «Ма генара хIума дара и, баккъалла а, ахьа бохург дечул эзарза вала ма лаьа суна».

– Суна схьахетарехь, хьо доьналла долуш стаг ву. Нагахь аса бохург ахьа тIелацахь, аса сайца декъа вуьтур ву хьо, сайн паччахьалла а доькъур ду хьоьца.

ГIоьмешца дIавихкина волчу йийсархочо, вела а велла, элира:

– АллахI-Делора, Мухьаммадан дин тIера вухаваьлча ахьа хьайн долахь мел дерг а, Iарбийн долахь мел дерг а сайна схьалург хилча а, бIаьргийн негIар тухучу заманна а и дийр ма дацара аса.

– ТIаккха аса вуьй хьо!

– Хьайна луъург дан йиш йолуш ву хьо.

ТIаккха жIарийн гажарх дIатуьйхира цуо иза. Цо, желтойн (грекийн) маттахь: «Кхуьнан куьйганна улло тоха пхерчий» олий, шен пхерчийтохархошка омра а деш, IабдуллахIе христианийн дин тIеэца олура. Амма IабдуллахIа тIе ца лоцура иза. IабдуллахIе хьайн дин дIатаса а бохуш, кхуьнан когашна улло пхерчий тоха аьлла омра дира паччахьо. Амма IабдуллахI (Дела реза хуьлийла цунна) дуьхьалвелира.

– Пхерчий совцаде, цу гажар тIера дIавастий охьаваккха иза! – аьлла омра дира паччахьо. ТIаккха, цхьа боккха яй схьа а беана, цу чу даьтта а доьттина, цIергахь и кхехко болийра.

– Бусалбанех волу цхьа ши йисархо схьа а валавай, цу чу кхосса! – элира паччахьо. Цу чу кхоьссича, дилха лелина охьаделира цаьршинан, даьIахкаш, тIехь дилха доцуш, ерзина гучуевлира.

Хьузафатан кIанте IабдуллахIе (Дела реза хуьлийла цунна) а хьаьжна, иза христианийн дине кхайкхира Къайсара. Ткъа IабдуллахI (Дела реза хуьлийла цунна) хьалхачул а чIогIа дуьхьалвелира. Ша цунах дог диллича:

– И ши йийсархо кхоьссина болччу даьттин яй чу кхосса хIара, – аьлла омра дира цо. Ша цу яй тIе вуьгучу хенахь IабдуллахIан (Дела реза хуьлийла цунна) бIаьргех хиш доладелира. ГIоьнчаша Къайсаре элира:

– Иза воьлхуш ма ву! – аьлла. Иза кхеравелла моьттуш:

– Иза суна тIе юхавалаве, – элира. Иза шена хьалха дIахIоьттича, Къайсара христианийн дин кховдийра цуьнга, амма цо тIе ца лецира. ТIаккха паччахьо хаьттира:

– Хьо дакъаза валарг, ткъа велха хIунда воьлхура хьо тIаккха?!

– Айса-сайга аьллачунна воьлхура со-м: «Хьажахь, хIинца кху яй чу кхуссуш ву-кх хьо, дIадер ду-кх хьан са. Сайн дегIана тIехь мел болчу чонан цIарах са а долуш, Делан некъахь и хIора а дIадала сатуьйсуш ма вара со», – элира IабдуллахIа (Дела реза хуьлийла цунна).

Паччахьо:

– Аса хьой маьрша витча, сан коьрта тIе барт олий ахьа? – шега хьаьттича:

– Иштта бусалбанийн массо йийсархошна тIера а цхьаьний? – хаттарна дуьхьал хаттар дира Хьузафатан кIанта IабдуллахIа (Дела реза хуьлийла цунна).

– Бусалбанийн массо а йийсархошна тIера а цхьаьна.

Хьузафатан кIанта IабдуллахIа (Дела реза хуьлийла цунна) ша-шега, шен дагахь, элира: «Хьажахь, Делан мостагIех волчу цхьаьнан мостагIчун коьрта тIе барт а аьлла, со а, бусалбанийн кхиболу берриге а йийсархой аса хьалхабитарх суна цхьа а зене ма дац». Цул тIаьхьа цунна улло а вахана, цуьнан коьртах барт баьккхира цо.

– Берриге а бусалбанаш цунна тIе схьа а гулбой, цунна дIало, – аьлла омра дира Римерчу паччахьо. Иштта уьш цуьнга дIа а белира.

*　　*　　*

Хьузафатан кIант IабдуллахI ХаттIабан кIант Iумар (Дела реза хуьлийла цаьршинна) волчу схьавеана, хилларг-лелларг цо шега дийцича, Iумаран (Дела реза хуьлийла цунна) цунах чIогIа самукъадаьллера. Iумара (Дела реза хуьлийла цунна) ша йийсархошка хьаьжча, элира:

– ХIора бусалба стаг хьакъ ву Хьузафат кIентан IабдуллахIан (Дела реза хуьлийла цунна) коьрта тIе барт ала, аса айса дIа а доладо иза.

Цул тIаьхьа хьала а гIаьттина, цуьнан коьрта тIе барт элира цо.